# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–12 जून 2025 भोजपुरी समाचार

देस क राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, गृह मंत्री अमित शाह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अहमदाबाद में आजु भइल विमान हादसा के ले के गहरा सोक जतवले हवें। एगो समाचार समूह कार्यक्रम के दौरान मुख्यमंत्री पीड़ित परिवारन के प्रति गहरा संवेदना जतवले हवें।

***मैं ईश्वर से प्रार्थना करता हूं कि इस प्रकार की किसी भी प्रकार के हादसे में हम जनहानि को बचा सकेंगे। इस दुखद घटना के लिए मेरे सभी जितने भी पीड़ित परिवार हैं उन सभी के प्रति हमारी संवेदना है।***

एयर इंडिया क विमान अहमदाबाद से लंदन के गैटविक बदे उड़ान भरत समय मेघानी नगर इलाका में आजु दुपहरिया बाद दुरघटनाग्रस्त हो गइल। विमान में एक सौ ओनहत्तर भारतीय नागरिक, तिरपन ब्रिटिश नागरिक, एगो कनाडा क नागरिक अउर सात गो पुर्तगाली नागरिक के सथहीं कुलि दुइ सौ बेयालिस लोगि अउर चालक दल क सदस्य सवार रहलें। एनडीआरएफ आ अउरियो एजेंसियन के मददि से दुरघटना वाली जगहि पर राहति अउर बचाव कार भइल।

अधिकृत सूत्र बतवले हवें कि दुरघटना से जुड़ल जनकारी खातिर पैसेंजर हॉटलाइन नम्बर एक आठ सुन्न सुन्न पांच छौ नौ एक चारि चारि चारि पर सम्पर्क कइल जा सके ला। नागरिक उड्डयन मंत्रालय के मोताबिक दुरघटना से जुड़ल जनकारी बदे कंट्रल रूमो बनावल गल हौ। कंट्रोल रूम क नम्बर हौ– सुन्न एक एक दुइ चारि छौ एक सुन्न आठ चारि तीनि अउर नौ छौ पांच सुन्न तीनि नौ एक आठ पांच नौ।

**********

केंद्र अउर राज्य स्तरीय बोर्ड परीक्षा में सबसे बेसी नम्बर पावे वाले अउर अड़तीस राष्ट्रीय विद्यालयी खेल प्रतियोगिता में स्वर्ण पदक जीते वाले विद्यार्थियन के आजु मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सम्मानित कइलें। खेलिन में परदरसन कइ के प्रदेस क नांव रोसन करे वाले विद्यार्थियन के मुख्यमंत्री विद्यालयी खेल पुरस्कार दीहल गइल। लखनऊ में आयोजित पुरस्कार वितरण समारोह के दौराने मुख्यमंत्री कई गो संस्थानन के नया भवन क नेइयो धइलें।

येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि सरकार पछिला आठ सालि में प्रदेस के माध्यमिक अउर स्कूली सिक्षा क तस्वीर बदलले में सफल भइल हौ। उहां के कहलीं कि हम्मे राष्ट्रीय शिक्षा नीति दुइ हजार बीस के तहत परम्परागत शिक्षा के साथे कौसल विकास सीखे के होई। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस क नौजवान अउर खासतौर से माध्यमिक शिक्षा से जुड़ल नौजवान **प्रधानमंत्री खेलो इंडिया खेलो** अउर **फिट इंडिया मूवमेंट** से प्रेरित हो के विद्यालयी खेलों में बढ़ियां परदरसन कइले हवें।

प्रदेस के अउरियो जिलन में सबसे बेसी नम्बर पावे वाले मेधावियन अउर कांस्य अउर रजत पदक जीते वाले विद्यार्थियन के समारोह आयोजित कइ के सम्मानित कइल गइल।

**********

केंद्र सरकार प्रदेस सरकार के मांग पर मुगफली अउर मूंग के न्यूनतम समरथन मूल्य–एमएसपी पर खरीदे बदे मंजूरी दे दिहले हवे। एगो रिपोर्ट–

***केंद्रीय कृषि और किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान और प्रदेश के कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही के बीच कल हुई वीडियो कांफ्रेंसिंग के दौरान केंद्रीय कृषि मंत्री ने मूंगफली और मूंग को एमएसपी पर खरीदने के प्रस्ताव को स्वीकार कर लिया। केंद्रीय कृषि मंत्री ने यह भी आश्वासन दिया कि आवश्यकता पड़ने पर मूंगफली और मूंग के खरीद लक्ष्य में भी वृद्धि की जा सकती है। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक।***

**********

तत्काल टिकट निस्पक्ष अउर पारदरसी ढंग से बुक करवले क सुविधा देवे बदे भारतीय रेल नया नियमन क घोसणा कइले हौ। पहिली जुलाई से खाली ऊहे लोगि भारतीय रेलवे खानपान अउर पर्यटन निगम–आईआरसीटीसी क वेबसाइट अउर ऐप पर ऑनलाइन तत्काल टिकट बुक कइ सकिहें, जे आधार के साथे आपन खाता प्रमाणित कइले हवें। पनरह जुलाई से ई नियम आरक्षण काउंटर से तत्काल टिकट बुक करवलहू पर लागू होई।

**********

अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस के मौका पर एक्कइस जून के भिन्नहीं साढ़े छौ बजे से सात बजि के चालीस मिनट ले देस भर में एक लाख से बेसी योग कार्यक्रम एक्के साथे आयोजित कइल जाई। एहमें सामान्य योगाभ्यास कइल जाई। येह बरिस क बिसय हौ–एक पृथ्वी एक स्वास्थ्य। नई दिल्ली में आयुष मंत्री प्रतापराव जाधव बतवले हवें कि मुख्य कार्यक्रम आंध्र प्रदेस के विशाखापत्तनम में आयोजित कइल जाई। एहमें प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हिस्सा लीहें।

**********

झांसी जिला के मोठ थान्हा क्षेत्र में झांसी –कानपुर राष्ट्रीय राजमार्ग पर खिल्ली गांव के लग्गे आजु भिन्नहीं भइल एगो सड़कि दुरघटना में सिद्धार्थनगर जिला क तीनि लोगिन क मउति हो गइल। ई हादसा ओह समय भइल जब एक्के परिवार क आधा दरजन से बेसी लोगि कार से महराष्ट्र जात रहलें अउर उनकर कार डिवाइडर से लड़ि गइल। दुरघटना में पांच लोगिन क इलाज चलि रहल हौ।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर के सथहीं एकरे लग्गे के कुछु अउरियो जिलन में आजु कहीं–कहीं हल्लुकाहे बूंदाबांदी से ले के मदि्धम बरखा भइले से लोगिन के कुछु देर खातिर राहति मिलल। हलांकि बरखा अउर बूंदाबांदी के कुछु देर बाद तेज घाम अउर उमस से लोगि फेर से परभावित भइलें। मौसम विभाग की ओरि से प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतावल गइल हौ।

**********